

KISA NOU FÈ

Pwogram YABC ak YABC ki gen pwogram LTW yo ofri elèv plizyè kalite èd, tankou :

Èd akademik

- Leson patikilye
- Èd pou prepare egzamen

Sesyon konsèy

- Sesyon endividyèl pou bay konsèy
- Sesyon fòmasyon angwoup
- Èd pou rezoud pwoblèm
- Èd pou rive atenn objektif pèsònèl

Mizanplas pwogram pou travay ak karyè

- Aktivite pou prepare moun pou yo travay e anvizaje yon karyè
- Preparasyon sou fason pou ekri yon rezime
- Èd pou jwenn travay

Preparasyon pou rantre nan inivèsite

- Sesyon enfòmasyon pou kolèj
- Fwa inivèsite
- Vizit nan kolèj ak inivèsite
- Èd pou ranpli aplikasyon ak fòm pou èd finansyèl *financial aid forms*

KI KOTE POU W JWENN NOU

Bronx

Adlai Stevenson High School YABC/LTW

1980 Lafayette Avenue

Christopher Columbus High School YABC

925 Astor Avenue

Grace Dodge High School YABC

2474 Crotona Avenue

John F. Kennedy High School YABC/LTW

99 Terrace View Avenue

Herbert Lehman High School YABC/LTW

3000 East Tremont Avenue

James Monroe Campus YABC/LTW

1300 Boynton Avenue

Harry S Truman High School YABC/LTW

750 Baychester Avenue

Walton Campus YABC

2780 Reservoir Avenue

Brooklyn

Automotive High School YABC/LTW

50 Bedford Avenue

Canarsie High School YABC/LTW

1600 Rockaway Parkway

Erasmus Campus YABC/LTW

911 Flatbush Avenue

Abraham Lincoln High School YABC/LTW

2800 Ocean Parkway

Downtown Brooklyn YABC/LTW

69 Schermerhorn Street

South Shore Educational Complex YABC/LTW

6565 Flatlands Avenue

Thomas Jefferson Campus YABC/LTW

400 Pennsylvania Avenue

Franklin Delano Roosevelt High School YABC/LTW

5800 20th Avenue

→ L ap ouvri an Septanm 2008

Queens

Flushing High School YABC

35-01 Union Street

High School for Arts & Business YABC

105-25 Horace Harding Expressway

John Adams High School YABC/LTW

101-01 Rockaway Boulevard

Manhattan

Brandeis High School YABC

145 W. 84th Street

George Washington Campus YABC

549 Audubon Avenue

Washington Irving High School YABC

40 Irving Place

Staten Island

Tottenville High School YABC/LTW

100 Luten Avenue

Èske ou gen 17tan¹/₂ os w a plis?
Li pa twò ta pou w gradye!

YABC

Sant minisipal pou jenn moun

Travay pou w pran diplòm lekòl segondè w la a plen tan leswa

Anvizaje chwazi yon karyè e ale nan inivèsite

Vin gen bon jan Eksperyans travay

ak

YABC ki gen LTW

Aprann travay

YABC: SANT MINISIPAL POU JENN MOUN

Sant minisipal pou jenn moun yo *Young Adult Borough Centers* (YABCs) se pwogram yo fè nan fen apremidi ak leswa ki fèt pou elèv pi aje yo ki te lekòl segondè pandan omwen katran e ki gen 17 kredi ominimòm. Yo ka konsidere kite lekòl paske yo gen lakik oswa gen responsablite granmon ki bay yo pwoblèm pou ale lekòl lajounen.

Elèv ki enskri nan yon pwogram YABC :

- Ale lekòl omaksimòm 5 swa oswa 5 fwa ta nan apremidi pa semenn
- Patisipe nan sesyon fòmasyon e jwenn èd pou prepare yo pou ale nan inivèsite, gen bon travay, gen relasyon pèsònèl estab, epi gen yon lavi dous lè yo fini lekòl segondè
- Jwenn avantaj leson patikilye ak sèvis pou ede elè anvan lè lekòl regilye
- Gen opòtinite patisipe nan aktivite akademik ak nan aktivite ki pa nan pwogram lekòl la pandan *weekend*.

Nou bay elèv YABC yo yon diplòm onon lekòl yo fèt pou ale a lè yo fin pran tout kredi yo e pase tout egzamen obligatwa yo.

YABC/LTW : YABC KI GEN PWOGRAM APRANN TRAVAY

Aprann travay *Learning to work* (LTW) se yon pwogram yo ajoute nan kèk YABC ki prepare moun pou travay e anvizaje yon karyè. Elèv ki enskri nan yo YABC ki gen yon pwogram LTW co(YABC/LTW) gen opòtinite patisipe nan aktivite pwogram LTW yo.

YABC/LTW ede elèv :

- Devlope ladrès yo bezwen pou fini lekòl segondè, jwenn travay, epi gen siksè nan travay yo
- Ogmante konesans yo osijè opsyon yo genyen pou karyè ak inivèsite
- Planifye pou fè eksperyans apre lekòl segondè

Elèv ki enskri nan YABC ki gen pwogram LTW gen opòtinite patisipe nan :

- Aktivite pou amelyore aptitud yo pou travay, tankou sesyon enfòmasyon, seminè, konferans, ak pwomnad edikatif
- Estaj peye ak estaj gratis

Kèk nan YABC ki gen pwogram LTW ka genyen pwogram GED ak pwogram alfabetizasyon leswa tou.

Pou kalifye pou enskripsyon nan yon YABC oswa yon YABC ki gen yon pwogram LTW yon elèv dwe :

→ gen 17tan½ jiska 21 an

→ Pou kounye a nan yon lekòl segondè nan vil Nouyòk

→ Gen 17 kredi ominimòm

→ Pase 4 lane oswa plis nan lekòl segondè

Elèv kalifye yo ka enskri nenpòt lekòl ki ofri pwogram yo.

ÈSKE W ENTERESE?

Kontakte Konseye pedagojik nan lekòl segondè w la pou w konnen jan pou w enskri!

Si w vle gen plis enfòmasyon, al vizite Office of Multiple Pathways to Graduation sou sit wèb : <http://schools.nyc.gov/Offices/OMPG>



MICHAEL R. BLOOMBERG, *Majistra*
JOEL I. KLEIN, *Chanselye*
JOELLEN LYNCH, *Direktris anchièf*